



Gid Enfòmasyon sou Pwogram Chrysalis Health

Konsènan Chrysalis Health

Chrysalis Health se yon òganizasyon swen sante konpòtmantal ki bay sèvis sante mantal, tretman pou itilizasyon sibstans, sèvis sikyatrik, kowòdinasyon swen, ak sèvis tretman espesyalize pou timoun, adolesan, granmoun, ak fanmi yo. Sèvis yo disponib nan kominote a ak nan klinik. Chak plan tretman adapte ak bezwen chak moun, baze sou enfòmasyon sou chòk (trauma-informed), respektè kilti chak moun, epi konsantre sou rekiperasyon, rezilyans, estabilite fanmi, ak entegrasyon nan kominote a.

Akreditasyon, Lisans ak Kalite

Depi ane 2004, Chrysalis Health resevwa akreditasyon nan men Council on Accreditation (COA) epi li angaje l pou amelyore kalite sèvis li yo kontinyèlman pandan li itilize metòd tretman ki baze sou prèv syantifik. Tout sèvis yo bay yo respektè lwa federal ak lwa eta yo, kondisyon konpayi asirans yo, ansanm ak estanda akreditasyon yo. Òganizasyon an mete aksan sou ekselans klinik, swen ki santre sou kliyan, ak rezilta ki ka mezire.

Zòn Sèvis

Chrysalis Health bay sèvis atravè plizyè kominote nan eta Florid ak Ohio, nan biwo, lakay kliyan, nan lekòl, nan kominote a, oswa atravè telesante (Telehealth). Pwogram yo disponib nan plizyè rejyon pou pèmèt moun ak fanmi yo resevwa swen nan anviwònman ki pi byen satisfè bezwen yo.

Sèvis Sante Konpòtmantal pou Pasyan Ekstèn

Sèvis pou pasyan ekstèn yo bay evalyasyon, tretman, ak sipò pou rekiperasyon pou timoun, adolesan, ak granmoun ki gen difikilte ak sante mantal, itilizasyon sibstans, twoub ki rive ansanm (co-occurring disorders), oswa lòt pwoblèm sante konpòtmantal.

Sèvis yo gen ladan:

- Terapi endividyèl
- Terapi fanmi
- Terapi an gwoup
- Evalyasyon sikyatrik
- Jesyon medikaman
- Telesante (Telehealth)
- Pwogram tretman espesyalize

Metòd tretman ki baze sou prèv syantifik yo enkli:

- Terapi Kognitif Konpòtmantal (CBT)
- Terapi Kognitif Konpòtmantal ki konsantre sou chòk (TF-CBT)
- Entèvyou Motivasyonèl (Motivational Interviewing)
- Terapi pou Ogmante Motivasyon (Motivational Enhancement Therapy)
- Fòmasyon pou Jesyon Paran (Parent Management Training)
- Terapi Pwosesis Kognitif (Cognitive Processing Therapy)
- Terapi Entèraksyon Paran ak Timoun (Parent-Child Interaction Therapy)

Pwogram STARRT

Pwogram Sexual Trauma and Risk Reduction Treatment (STARRT) bay sèvis espesyalize pou jèn ki montre konpòtman seksyèl ki pa apwopriye oswa ki reprezante yon risk.

Tretman an konsantre sou:

- Responsablite pou aksyon yo
- Planifikasyon sekirite
- Etabli limit ki an sante
- Patisipasyon fanmi an
- Rediksyon risk
- Chanjman konpòtman ki dire lontan

Jesyon Ka Vize (Targeted Case Management)

Sèvis Jesyon Ka Vize ede moun ak fanmi yo jwenn aksè ak:

- Swen medikal
- Sèvis sante konpòtmantal
- Edikasyon
- Lojman
- Travay
- Resous finansye
- Lòt resous kominotè

Sèvis yo gen ladan evalyasyon, defans dwa kliyan (advocacy), planifikasyon sèvis, kowòdinasyon swen, koneksyon ak resous, ak sipò kontinyèl.

Ekip Community Action Treatment (CAT)

Ekip Community Action Treatment (CAT) la se yon pwogram entansif sante konpòtmantal ki baze nan kominote a pou jèn ki gen gwo risk pou yo retire yo nan kay fanmi yo epi mete yo nan lòt kote.

Yon ekip pwofesyonèl ki soti nan plizyè disiplin travay ansanm pou bay:

- Terapi
- Sèvis sikyatrik
- Entèvansyon nan moman kriz
- Mentora (Mentoring)
- Sipò pou fanmi
- Defans ak sipò nan lekòl
- Kowòdinasyon swen

Sèvis yo ka fèt lakay kliyan an, nan lekòl, nan biwo, oswa nan lòt kote nan kominote a.

Evalyasyon Konplè Sante Konpòtmantal (CBHA)

Comprehensive Behavioral Health Assessments (CBHA) se evalyasyon konplè ki egzamine fonksyonman emosyonèl, konpòtmantal, devlopman, sosyal, ak fanmi yon timoun.

Evalyasyon sa yo ede:

- Idantifye fòs timoun nan
- Idantifye bezwen li yo
- Fè rekòmandasyon pou tretman
- Detèmine sèvis ki nesèsè
- Ede pran desizyon sou pi bon plasman oswa nivo swen an

Ekip Sipò pou Fanmi (Family Support Team – FST)

Family Support Team (FST) bay sèvis sante konpòtmantal ki finanse pa sibvansyon pou jèn ki gen 21 an oswa mwens nan Konte Broward ansanm ak fanmi yo. Pwogram nan sèvi fanmi ki itilize sèvis estabilizasyon kriz souvan, sa ki ka ogmante risk pou fanmi an separe oswa pou timoun nan retire nan kay la.

Ekip la gen ladan:

- Yon Terapis
- Yon Manadjè Ka
- Yon Espesyalis Sipò Parèy (Peer Specialist)

Yo travay ansanm ak jèn nan ak fanmi an atravè rankont fas-a-fas oswa sèvis telesante (Telehealth).

Objektif pwogram nan se:

- Bay sèvis ki santre sou fanmi pou ankouraje estabilite ak relasyon famiyal.
- Diminye kantite timoun yo retire nan kay yo.
- Diminye entènè lopital sikyatrik.
- Ranfòse fanmi an ak rezo sipò li pou ede yo viv avèk siksè nan kominote a.
- Amelyore sante, byennèt, ak fonksyonman jeneral fanmi an.
- Idantifye resous ki disponib epi ede fanmi an jwenn sèvis ki pi apwopriye, enkli sèvis ki gen yon nivo swen ki pi wo lè sa nesesè.

Sèvis pou Jistis Jivenil

Chrysalis Health kolabore ak Florida Department of Juvenile Justice pou bay sèvis Mental Health and Substance Abuse (MHSA) ak Intensive Community-Based Care for Youth (ICCY).

Pwogram sa yo gen ladan:

- Evalyasyon klinik
- Planifikasyon tretman
- Terapi
- Jesyon ka
- Entèvansyon nan kriz
- Kowòdinasyon ak resous kominotè

Yo itilize metòd tretman ki baze sou prèv syantifik tankou:

- Terapi Kognitif Konpòtmantal (CBT)
- Terapi Kognitif Konpòtmantal ki konsantre sou chòk (TF-CBT)
- Seeking Safety

Enfòmasyon sou Referans

Referans yo ka soti nan:

- Doktè
- Lopital
- Lekòl
- Òganizasyon swen jere (Managed Care Organizations)
- Ajans byennèt timoun
- Ajans jistis jivenil
- Patnè kominotè
- Manm fanmi
- Oswa moun nan ka refere tèt li

Chak referans resevwa yon tès depistaj ak yon evalyasyon pou detèmine si moun nan kalifye pou sèvis yo epi pou idantifye nivo swen ki pi apwopriye.

Opsyon pou Bay Sèvis

Selon bezwen kliyan an ak kondisyon pwogram nan, sèvis yo ka fèt:

- Nan biwo
- Lakay kliyan an
- Nan lekòl
- Nan kominote a
- Oswa atravè telesante (Telehealth)

Orè fleksib, tankou randevou nan aswè oswa pandan wikenn, ka disponib.

Patenarya Kominotè

Chrysalis Health travay ansanm ak:

- Òganizasyon swen jere (Managed Care Organizations)
- Lopital
- Lekòl
- Founisè sèvis sante konpòtmantal nan kominote a
- Òganizasyon byennèt timoun
- Ajans jistis jivenil
- Lòt patnè kominotè

Objektif kolaborasyon sa yo se amelyore kowòdinasyon swen epi ogmante bon rezilta pou moun ak fanmi nou sèvi yo.

Sipò nan Ka Kriz ak Sèvis Dijans

Kliyan ki enskri nan pwogram ki aplikab yo resevwa enfòmasyon sou sèvis repons pou kriz ak sipò apre lè biwo fèmen.

Nan ka yon ijans medikal oswa si gen yon risk imedya pou moun nan fè tèt li mal oswa fè lòt moun mal, rele 911 oswa ale touswit nan depatman ijans ki pi pre a.

Angajman Nou pou Bon Jan Kalite Swen

Chrysalis Health angaje l pou bay sèvis sante konpòtmantal ki gen bon jan kalite epi ki baze sou prèv syantifik. Objektif nou se ankouraje rekipasyon, rezilyans, endepandans, ak siksè alontèm.

Nou travay an kolaborasyon avèk kliyan yo, fanmi yo, ak patnè kominotè yo pou asire chak moun jwenn bon kalite swen, nan bon moman, epi nan anviwònman ki pi apwopriye ak ki pi piti restriksyon posib.